



Ajan yo ede pwopriyetè kay tankou ou yo jwenn yon polis asirans pou founi kouvèti epi reflete yon fason apwopriye tip ak kalite estrikti ki asire a. Sonje sa, yon polis asirans etabli tip kouvèti ki founi a epi de ki kalite risk kay ou a pwoteje. Polis ou tou detèmine ki kouvèti ki founi pou kay ou a ak/oswa sa ki ladan. Se pa tout tip ki gen ladan kouvèti pou "tout risk" (tankou dife, vòl, van). Lè w ap diskite de opsyon ouvèti, mande ajan ou la pou revize risk espesifik yo pou konprann pi byen kisa ki enkli ak ki opsyon kouvèti ou genyen.

Ajan ou la se pi bon sous enfòmasyon pou konprann ki tip kouvèti kay ou a bezwen epi pou asiste ou nan chwazi yon polis ki reponn pi byen a bezwen asirans ou yo. Kòm yon asirè leta dènye rekou, Citizens ofri divès tip polis ki adapte pou reponn a bezwen pwopriyetè kay yo ak lokatè tou eta a ki pa ka jwenn kouvèti mache prive. Yon koutye mache prive refere a yon konpayi asirans pwopriyete prive, li menm ki jeneralman ofri yon kouvèti polis ki pi konplè.

Keseswa w ap viv nan yon kay ki konstwi sou plas, kondominyòm oswa kay prefabrike, Citizens la pou ede ou pwoteje byen ki pi pèsonèl ou a – kay ou. Ann revize tip polis pwopriyetè kay debaz yo pou asire nou ke ou totalman prepare pou yon konvèsayon ak ajan ou la.



Ou bezwen fè yon reklamasyon?

## Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou

Entènèt nan myPolicy sou

[www.citizensfla.com/mypolicy](http://www.citizensfla.com/mypolicy)

24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan

**866.411.2742**

Scan QR code to  
report online



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon. Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at  
[www.citizensfla.com/brochures](http://www.citizensfla.com/brochures).

La version en Español esta disponible en  
[www.citizensfla.com/brochures](http://www.citizensfla.com/brochures).



Citizens Property Insurance Corporation

866.411.2742

[www.citizensfla.com](http://www.citizensfla.com)

# Ki Tip Polis Asirans Pwopriyetè Kay Citizens Ofri?



## Kay Konstwi sou Plas

### Pwopriyetè kay (HO-3, HW-2)

Polis HO-3 yo se tip asirans pwopriyetè ki pi komen. Tip kontra sa disponib pou kay yon sèl fanmi ak diplèks kote lojman se omwen yon pwopriyetè ki okipe li ansanm ak yon kay segondè ki pa rezidans prensipal asire a. Polis sa pèmèt pou ranplase kou kouvèti kay ou a epi valè aktyèl lajan kach de pwopriyete pèsonèl ou. Polis pwopriyetè yo kouvri batiman an, lòt estrikti nan pwopriyete a ak pwopriyete pèsonèl pwopriyetè a. Li bay tou frè adisyonèl sibsistans ak pwoteksyon responsabilite pèsonèl.

### Propriyetè Kay Modifye (HO-8)

Yon lòt tip polis pwopriyetè, HO-8, ofri kouvèti pou 11 risk ak non yo, ak plizyè gwo eksklizyon. Kouvèti limite polis ekskli plizyè tip pèt, ki gen ladan majorite sa ki lakòz pa dlo. Ranplasman kou kouvèti a ka disponib ak yon polis HO-8. Reklamasyon pèman yo an jeneral fèt pou valè lajan kach, sa ki ka lakoz pèman reklamasyon ki ba anpil. Kouvèti limite pou yon polis HO-8 ka pa reponn a kondisyon minimòm moun ki fè prè ipotekè yo. Anvan ou achte tip polis sa, konfime ak moun ki fè prè ipotekè a ke polis HO-8 la ranpli kondisyon asirans li yo.

### Dife Lakay (DP-3, DW-2)

Si pwopriyete ou la pa kalifye pou yon polis HO-3 oswa HO-8 oswa li se yon pwopriyete ki gen lokatè ladan, yon polis dife lakay ka pa disponib. Li founi kouvèti pou kay la, lòt estrikti nan pwopriyete a, pwopriyete pèsonèl, ak pèt lwave oswa frè adisyonèl sibsistans.

### Kondominyòm

#### Propriyetè Inite Kondominyòm (HO-6, HW-6)

Pou pwopriyetè inite kondominyòm k ap viv nan yon inite kondominyòm, yon polis HO-6 founi kouvèti pou kèk karakteristik anndan inite a, pwopriyete pèsonèl ou, frè adisyonèl sibsistans ak pwoteksyon responsabilite pèsonèl.

### Kay Mobil ak Prefabrike

#### Pwopriyetè Kay Mobil (MHO-3, MW-2)

Pwopriyetè ki viv nan kay mobil oswa prefabrike kòm rezidans prensipal yo ka konsidere yon polis MHO-3. Kouvèti polis la gen ladan kay mobil, lòt estrikti nan pwopriyete a ak pwopriyete pèsonèl pwopriyetè a epi founi frè adisyonèl sibsistans ak pwoteksyon responsabilite pèsonèl.

### Dife Lakay Kay Mobil (MDP-1, MD-1)

Yon kay mobil ka pa kalifye pou yon polis MHO-3 oswa MW-2 oswa li se yon pwopriyete ki gen lokatè ladan, li ka konsidere yon polis Dife Lakay Kay Mobil. Polis sa founi kouvèti pou kay la, lòt estrikti nan pwopriyete a, pwopriyete pèsonèl, ak pèt lwave.

### Lokatè

#### Lokatè/Kontni Lokatè (HO-4, HW-4)

Lokatè kay ki fèt sou plas, apatman oswa inite kondominyòm (sa pa gen ladan kay prefabrike ak kay mobil) ka kalifye pou polis Lokatè/Kontni Lokatè. Tip polis sa, yon polis HO-4, kouvrir pwopriyete pèsonèl lokatè a, frè adisyonèl sibsistans ak responsabilite pèsonèl. Polis HO-4 ak HW-4 pa founi kouvèti pou estrikti a li menm.

#### Lokatè Kay Mobil/Kontni Lokatè (HO-4, HW-4)

Lokatè kay mobil oswa prefabrike ka konsire yon polis MHO-4 ki fèt pou kouvrir pwopriyete pèsonèl lokatè a, frè adisyonèl sibsistans ak responsabilite pèsonèl. Polis sa pa founi kouvèti pou estrikti a li menm.